

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang

Krisis moral di kalangan rumaja, hususna barudak sakola, kiwari nyampak dina paripolah sapopoé, di antarana leungitna sopan santun, teu taat kana aturan, jsb. Hal ieu dipangaruhan ku ayana parobahan jaman, lingkungan masarakat sarta lingkungan kulawarga, nu sacara langsung méré pangaruh goréng kana paripolah rumaja. Sagala tarékah geus dilakukeun ku cara méré atikan karakter ngaliwatan pangajaran. Cara séjén nu bisa dilakukeun nyaéta méré bacaan nu miboga ajén moral nu luhur, saperti dina karya sastra.

Karya sastra bisa dihartikeun salaku karya imajinatif, nu ditulis ku pangarang kalayan miboga maksud jeung tujuan nepikeun informasi ngaliwatan éta karya. Karya sastra mangrupa ébréhan tina sagala pangalaman, rasa, jeung hasil tina niténan masalah kahirupan nu kungsi kaalaman ku pangarang dina kahirupan sapopoé. Karya sastra moal leupas tina kahirupan masyarakat, sabab dina karya sastra kagambar pola prilaku manusa dina kahadéan atawa kagoréngan, nu bisa dijadikeun patokan pikeun ngalakonan kahirupan.

Karya sastra téh bisa mangrupa wangun prosa, puisi, jeung drama. Wangun prosa atawa lancar mangrupa karya sastra nu diwengku ku tokoh, galur, latar, jeung caritaan. Puisi mangrupa ébréhan pamikiran jeung rasa pangarang dina wangun kekecapan murwakanti, nu kauger ku aturan nu tangtu. Sedengkeun drama mangrupa karya sastra nu dijieun pintonan atawa pagelaran (pertunjukan). Karya sastra narima pangaruh ti masarakat sakaligus bisa méré pangaruh ka masarakat salasahijina novel. Novel mangrupa karya sastra anyar dina khazanah sastra Sunda. Asupna novel kana sastra Sunda aya pangaruhna ti sastra Barat, utamana sastra Walanda.

Novel kaasup salashiji génré karya sastra Sunda nu modern di wilayah Sunda. Saméméh ayana novel, dina sastra Sunda geus aya wangun carita-carita fiksi nu panjang dina wangun wawacan, anu ditepikeunna ku cara ditembangkeun. Patali jeung sastra wangun wawacan, Kartini nétélakeun yén karya sastra Sunda nu paling

dipikaresep di abad ka-19 nepi awal abad ka-20 nyaéta wangun wawacan (Koswara, 2010, KC.7). Salian ti wawacan, wangun karya sastra nu nu panjang téh aya carita pantun. Carita pantun téh nyaéta wacana narasi atawa lalakon panjang anu biasa dilisankeun atawa dicaritakeun dina pagelaran husus (ritual) anu disebut mantun (Ruhaliah, 2020, kc.24).

Objék nu dijadikeun panalungtikan téh nyaéta novel. Novel teu ngan sakur carita rekaan wungkul, tapi bisa jadi bahan bacaan atawa referensi pikeun mikawanoh ajén-ajén nu nyangkaruk dina karya sastra, sabab dina novel sakapeung diwuwuhan ku atikan moral. Atikan moral nu aya dina novel Sunda awalna tina ajén kaarifan lokal nu mangrupa jati diri urang Sunda. Nurutkeun Rusyana (dina Sudaryat, 2014, kc.123) kaarifan lokal atawa kawijakan masarakat sabudereun téh mangrupa kamampuh masarakat dina ngolah fasilitas anu dipaparinkeun ku Gustina ka manusa. Fasilitas éta mangrupa alam fisik, alam hayati, komunitas masarakat jeung normana, budaya, jeung agamana. Kaarifan lokal dina kontéks masarakat Sunda jaman ayeuna miboga ciri, nyaéta (1) rasionalitas, (2) aya dina strata kelas tengah ka luhur, (3) inklusif-kontinuum (gaul jeung masarakat séjénna), (4) mobilitas (5) miboga peluang nu sarua. Ajén kaarifan lokal ieu jadi dasar dina prakték étnopédagogi. Nurutkeun Alwasilah (dina Sudaryat, 2014, kc.124) étnopédagogi nyaéta prakték atikan dumasar kaarifan lokal dina unggal widang, saperti pangobatan, seni bela diri, pertanian, ekonomi, pamaréntah, sistem penanggalan, jsb.

Novel nu dijadikeun objék panalungtikan judulna *Imah Agréng* karya Aam Amilia. Novel ieu dipedalkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2021, jumlah kacana aya 71. Novel *Imah Agréng* nyaritakeun maotna Kirana nu pinuh ku misteri. Naha ieu maotna téh saukur kacilakaan wungkul atawa mémang geus rencanakeun. Hal ieu nimbulkeun kapanasaran ka unggal wartawan, salsahijina Jaka. Dina maluruh informasi, Jaka teu maké idéntitas salaku wartawan, tapi minangka lalaki anu kungsi pakait ati jeung Kirana. Sabab, kolotna Kirana teu hayangeun narima sémah ti wartawan nu rék nalungtik kasus maotna Kirana. Salila Jaka nungguan datangna Adiguna, bapana Kirana, datang Bison nyampeurkeun ka Jaka, tuluy uplek ngobrol. Aya informasi nu ngagantung tina katerangan Bison, sabab kaburu

ditémpas ku Juragan Adiguna nu turun ti loténg. Hal ieu nambah kapanasaran Jaka pikeun nalungtik kasus Kirana. Dina nalungtik ieu perkara, Jaka dibarengan ku Suminar, batur gawé di kantorna. Jaka jeung Suminar ngadatangan sababaraha jelema nu kungsi aya patalina jeung Kirana, atawa kulawargana pikeun maluruh katerangan ngeunaan Kirana. Cindekna, sabada informasi geus kakumpulkeun kabéh, buru-buru Jaka nyieun laporan ka pulisi, sabab hal ieu téh geus lain bagian wartawan deui. Nu jadi tersangka dina ieu kasus téh Adiguna nu dina anggapan masarakat mah jelema nu soméah, kasohor salaku pemborong, jeung sok wakaf. Singhoréng éta téh ngan ukur keur nutupan sagala kajahatanna. Adiguna ditewak pulisi lain saukur jadi tersangka pembunuhan, tapi ogé salaku salasihiji anggota perdagangan narkoba jeung awéwé.

Novel ieu ngagunakan basa anu basajan, nu ilahar dipaké sapopoé. Ngan, novel *Imah Agréng* miboga daya tarik, nyababkeun kapanasaran ka nu macana. Salian ti éta, ieu novel ogé diuwuhan ku unsur-unsur moral kamanusaan. Dumasar hal éta, ieu novel téh perlu ditalungtik struktur caritana sarta ajén étnopédagogi nu oriéntasi ahirna ngawangun moral kamanusaanna nu hadé.

Eusi ieu novel sajalan jeung panalungtikan nu baris medar ngeunaan étnopédagogi kasundaan, yén étnopédagogi nyiptakeun Catur Diri Insan salaku manusa nu unggul. Saterusna bakal ngawangun manusa anu miboga moral atawa karakter, nyaéta manusa nu taat kana hukum, hukum agama, nagara jeung hukum adat (ceuk agama jeung darigama) atawa manusa nu ngajungjung luhur kana hukum, napak dina katangtuan nagara, mufakat jeung jelema réa (kudu nyanghulu ka hukum, nunjang ka nagara, mupakat ka balaréa). Ku kituna, catur diri insan, nyoko kana moral nu jadi pandangan hirup urang Sunda, nyaéta (1) moral manusa ka Pangéran/ Tuhan (MMT), moral manusa ka pribadi (MMP), (3) moral manusa ka manusa séjénna (MML), (4) moral manusa ka alam (MMA), (5) moral manusa ka waktu (MMW), jeung (6) moral manusa dina kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB) (Sudaryat, 2015, kc. 125). Dumasar éta hal, tangtuna aya ajén-inajén anu bisa dijadikeun atikan keur kahirupan sosial budaya. Ku kituna, pikeun maluruh ajén-inajén éta, diperlukeun péso analisis nyaéta pamarekan étnopédagogi.

Panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopédagogi kana karya sastra prosa geus teu bireuk deui. Saméméhna nu ngayakeun panalungtikan ngeunaan struktur jeung étnopédagogi téh aya Fajar Sukma Nur Alam (2015) dina tésis nu judulna “*Wawacan Mahabrata Karya R. Méméd Sastrahadiprawira (Kajian Struktural jeung étnopédagogi)*”. Hasil tina éta panalungtikan téh kapaluruh aya struktur formal *Wawacan Mahabrata* dumasar kana aturan-aturan pupuh. Hasilna aya dua pupuh nu saluyu jeung aturan pupuh, nyaéta pupuh magatru jeung pupuh pucung. Sedengkeun nu teu saluyu jeung aturan pupuh, di antarana aya pupuh asmarandana, kinati, durma, dangdanggula, maskumambang, mijil, pangkur, sinom, jeung pupuh wirangrong. Hasil analisis étnopédagogina nyaéta moral manusa ka pangeran kagambar dina taat kana agamana jeung kapercayaan ka Dewa. Moral manusa ka dirina kagambar tina sifat adil, jujur, sabar, wijaksana, jeung egois. Moral manusa jeung manusa séjénna kagambar tina sikep silih hargaan, silih hampura jeung teu nyokot hak batur. Moral ka alam kagambar tina sikep tokohna dina ngagunakeun tutuwuhan. Moral ka waktu kagambar tina sikep tokoh dina ngamangpaatkeun waktu. Moral manusa dina ngahontal kabagjaan lahir batin, kagambar tina sikep tokoh dina ngahontal kahayangna najan miboga résiko nu gedé.

Aya deui skripsi Cucu Siti Fatimah (2018) nu judulna “*Novel Rumaja Jamparing Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)*”. Eusi tina ieu panalungtikan téh kapaluruh aya 12 ajén étnopédagogi, nyaéta ajén bener, pinter, jeung silih asih. Tuluy aya nu dicontoanna ngan sakali nyaéta sineger tengah. Sedengkeun dalapan poin séjénna ngawengku hurip, waras jeung cageur, bageur, ludeung atawa kawani, silih asah, silih asuh, singer, motékar, jeung rapékan. Terus aya skripsi nu dilakukeun ku Widia Rengganis (2021) nu judulna “*Novel Patepung di Bandung Karya Taufik Faturohman pikeun Bahan Pangajaran Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogi)*”. Hasil tina ieu panalungtikan téh kapaluruh yén téma nu diangkat dina ieu novél téh nyaéta kasabaran hiji budak dina ngarandapan sagala pasualan kahirupan nu didasaran rasa nyaah ka kolotna. Galur dina ieu novel téh galur maju atawa mérélé, katitén dina unggal kajadian nu dicaritakeunna ngaruntuy. Tokoh nu kapanggih dina ieu novel aya 55 tokoh tapi teu sakabéh

miboga peran penting. Nu jadi tokoh utama dina ieu novel téh nyaéta Kondi, ku sabab tokoh Kondi atawa tokoh kuring téh aya dina sakabéh bagian carita. Latar nu kapanggih dina ieu carita téh réa pisan nu kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Puseur implengan nu dipaké ku pangarang nyaéta jelema kahiji-utama. Pangarang ngagunakeun basa sapopoé nu basajan jeung gampang kaharti ku budak, dina ieu novel gé kapanggih ayana sababaraha gaya basa, babasan, jeung paribasa. Salian ti éta kapaluruh ogé ajén étnopédagogi, nyaéta sakabéh konsep kualitas jati diri urang Sunda nu ngawengku cageur, bageur, bener, pinter, jeung singer aya dina ieu novel. Ieu novel ogé bisa dijadikeun bahan bacaeun nu boga kualitas dina eusi caritana. Patalina hasil analisis nu bisa dilarapkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMP, novel Patepung di Bandung bisa dipaké pikeun bahan ajar ku sabab geus nyumponan sakabéh kritéria milih bahan ajar. Ieu buku ogé miboga ajén jeung kualitas nu hadé.

Sanajan panalungtikan ngeunaan struktural jeung étnopédagogi geus teu bireuk deui, tapi tangtuna aya sasaran jeung bédana. Sasaruaan dina ieu panalungtikan nyaéta sarua medar ngeunaan struktural jeung étnopédagogi, katut objék nu ditalungtikna ogé aya nu sarua ngeunaan novel. sanajan sarua objék nu ditalungtik téh novel, tapi aya bédana nyaéta judul novel nu ditalungtikna. Ieu panalungtikan ngeunaan novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia téh mangrupa panalungtikan nu munggaran nu medar ngeunaan struktural jeung étnopédagogi. Dumasar sababaraha perkara anu geus dijéntrékeun, ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun. Hasil panalungtikan ieu dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMK.

## 1.2. Rumusan Masalah

Novel bisa diulik tina sababaraha jihat, saperti strukturna, sosiologisna, jeung psikologisna. Ku lantaran objék ulikan novel téh lega, dina ieu panalungtikan baris diulik ngeunaan struktur jeung ajén étnopédagogi.

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditulis dina wangun pananya.

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia?
- 2) Naon waé ajén étnopédagogi nu aya dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia?
- 3) Kumaha hasil panalungtikan novel *Imah Agréng* pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di SMK?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus éta di antarana saperti ieu di handap.

#### **1.3.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ajén étnopédagogi dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia kalawan maluruh unsur-unsur pangdeudeul, nya éta strukturna nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Ogé maluruh luyu henteuna dijadikeun bahan pangajaran maca novel di SMK.

#### **1.3.2. Tujuan Khusus**

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum di luhur, ieu di handap dituliskeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna nyaéta:

- 1) Struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.
- 2) Ajén étnopédagogi nu aya dina novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia.
- 3) Larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novel di SMK.

### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan téh kabagi kana opat bagian, nyaéta mangpaat tina segi tioritis, kawijakan, praktis, jeung isu sarta sosial.

#### 1.4.1. Mangpaat Tioritis

Mangpaat anu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalengkepan widang paélmuan sastra jeung atikan, hususna mekarkeun pangaweruh ngeunaan ajén étnopédagogi nu nyampak dina karya sastra.

#### 1.4.2. Mangpaat Kawijakan

Ku ayana ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun acuan guru ngajadikeun novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia jadi bahan ajar maca novel, saluyu jeung kawijakan pamaréntah ngeunaan Gerakan Literasi Nasional.

#### 1.4.3. Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat:

- 1) Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kajian karya sastra nu digarapna atawa diguarna.
- 2) Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan karya sastra khususna novel Sunda.
- 3) Pikeun siswa, dipiharep bisa nuwuhkeun karesep kana diajar basa jeung sastra Sunda

#### 1.4.4. Mangpaat Segi Isu jeung Sosial

Eusi carita novel *Imah Agréng* loba pisan ngeunaan moral jeung atikan nu nyeplés jeung kahirupan nyata dina jaman kiwari. Ku kituna, ieu panalungtikan bisa leuwih mekarkeun deui ajén-inajén nu aya dina masarakat, hususna ajén nu aya patalina jeung budaya Sunda.

### 1.5. Raraga Tulisan

Hasil-hasil dina ieu panalungtikan disusun jadi lima bab kalawan sistematika sakumaha ieu di handap.

Bab I Bubuka, dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II likan Tiori. Dina ieu bab dipedar ngeunaan karya sastra novel, tiori struktur Robert Stanton, jeung tiori ngeunaan ajén étnopédagogi. Salian ti éta dibahas ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan..

Bab III Métodologi Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan métodologi panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar jeung didéskrripsikeun hasil analisis ngeunaan novel *Imah Agréng* karya Aam Amilia kalayan ulikan tiori struktural jeung étnopédagogi, sarta dijadikeun alternatif bahan ajar maca novel di SMK.

Bab V Kacindekan, mertélakeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu dipedar tina bab IV, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna. Implikasi jeung rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua, minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.



